Qaraqalpaqstan Respublikası' Taxtakópir rayonı' HAKIMININ` SHESHIMI		Qoraqalpog'iston Respublikasi Taxtakópir tumani HOKIMINING QARORI

Taxtako'pir tumani **Taxtako'pir rayoni**

№ 30 « 22 » - январь 2018 - жыл.

Район аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериўди сапалы шөлкемлестириў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 31-январьдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2003 й., 1-2-сон, 17-модда) тийкарланып ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 8-январь күнги 03-08/13-01/11-санлы мәжлис баянламасы қарарын басшылыққа алып, район аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериўди сапалы шөлкемлестириў мақсетинде

ШЕШИМ ҚАБЫЛ ЕТЕМЕН:

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў комиссиясының 2018-жыл 8-январь күнги 03-08/13-01/11-санлы баянламасы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериўди шөлкемлестириў бойынша районлық комиссия қурамы 1-қосымшаға, райондағы мәкеме, кәрхана, шөлкемлердиң транспорт қуралларын мәмлекетлик мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Райондағы хожалықлар, мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкемлер басшылары тәрепинен қараўындағы автомототранспорт қуралларын 2018-жылғы мәжбүрий мәмлекетлик техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў илажлары көрилсин.

4. Автомототранспортларды мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериў ушын тийисли материаллық-техникалық базаға ийе болған «Миясар» жуўапкершилиги шекленген жәмийети менен шәртнама дүзилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

5. Мәмлекетлик техникалық көрикти өткериў жумысларын төмен дәрежеде шөлкемлестирген райондағы хожалық, мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына район ҳәкимияты жанындағы Жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша

комиссиясы мәжлисинде қарап шығып, оларға тийисли шаралар көрилетуғынлығы ескертилсин.

6. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Реженің 1-бөлими 5-бәнтиниң «а» бөлиминде көрсетилген транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши басқыш 2018-жылдың 1-март-30-июнь аралығында;

екинши басқыш 2018-жылдың 1-сентябрь-31-октябрь аралығында өткерилиўи;

2018-жылдың 1-январь-31-август аралығында район аймағындағы жеке меншик транспорт қуралларының ҳәмде 1-март-30-июнь аралығында хожалық есабындағы транспорт қуралларын мәжбүрий мәмлекетлик техникалық көриктен өткерилиўи белгиленсин.

7. Усы шешим «Тахтакөпир таңы» газетасында рәсмий түрде жәриялансын ҳәм жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

8. Усы шешимниң қабыл етилиўи менен Тахтакөпир районы ҳәкиминиң 2017-жыл 13-март күнги «Район аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериўди сапалы шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 161-санлы шешими («Тахтакөпир таңы» газетасы 2017-жыл, 8-апрель 10-сан.) өз күшин жойытқан деп табылсын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаўды район ҳәкиминиң орынбасары Т.Нурманов ҳәм районлық ишки ислер бөлими баслығы О.Турдыбаевтың жуўапкершилигине жүкленсин.

Район ҳәкими: **Ж. Адилов**

KANTSELYARIYA
KO'SHIRMESI DURIS

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2018-жыл «22»-январь
«36»-санлы шешимине
1-косымша

Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериўди шөлкемлестириў бойынша районлық комиссия қурамы

М. Искандаров	Районлық Ишки ислер бөлими Жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары баслығы, комиссия баслығы
	Ағзалары:
Т. Нурманов	Район ҳәкиминиң орынбасары
Қ. Акимниязов	Районлық мәмлекетлик техника қадағалаў инспекторы
О. Жаксымов	Районлық Аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы орынбасары
Е. Бегманов	«Мәҳалле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы

Еслетпе: Комиссия ағзаларының жумыс орны өзгерген жағдайда, орнына сол лаўазымға жаңадан тайынланған шахс киритиледи.

Тахтакөпир районы ҳәкиминиң
2018-жыл «22»-январь
«30» -санлы шешимине
2-қосымша

Райондағы мәкеме, кәрхана, шөлкемлердиң транспорт қуралларын мәмлекетлик мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

Қ/с	Мәкеме-кәрханалар атамалары	Өткерилетуғын ўақты	Транспорт саны	Өткерилетуғын орны
1	Тахтакөпир ММТП	10.03.2018-жыл	18	«Миясар» жуўапкершилиги шекленген жәмийети
2	Шымбай районлараралық газ тәмийинлеўши Тахтакөпир участкасы	10.03.2018-жыл	3	
3	Районлық Электр тармақлары кәрханасы	10.03.2018-жыл	1	
4	Тахтакөпир Почта байланысы тармақлары	10.03.2018-жыл	1	
5	Тахтакөпир Суў тармақлары	10.03.2018-жыл	1	
6	АТП-13, «Агрохимияхимоя»	10.03.2018-жыл	15	
7	Ҳәкимият	10.03.2018-жыл	6	
8	Районлық медицина бирлеспеси	10.03.2018-жыл	7	
9	Карантин ҳәм қәўипли жуқпалы кеселликлер профилактика орайы	10.03.2018-жыл	6	
10	Мәмлекетлик Санитария эпидемиология бақлаў орайы	10.03.2018-жыл	3	
11	Кәсип-өнер колледжлери	10.03.2018-жыл	4	
12	Жол хожалығынан пайдаланыў кәрханасы, Абаданластырыў басқармасы	10.03.2018-жыл	8	
13	Тоғай хожалығы	10.03.2018-жыл	1	
14	Телекоммуникация тармақлары	10.03.2018-жыл	1	
15	Мәмлекетлик салық инспекциясы	10.03.2018-жыл	1	
16	Бантликке көмеклесиў орайы	10.03.2018-жыл	1	
17	Қаржы бөлими	10.03.2018-жыл	1	
18	Киши кәрханалар, фермер хожалықлары	01.06. 2018-жыл	2	
19	Жеке меншик автомототранспортлар	2018-жыл 1-январь-31-август аралығында	1005	